ISSN 2181-3187

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINDA QORSHAǴAN ORTALIQTI QORǴAW BAǴDARINDAǴI ÁMELIY IS-ILAJLARDIŃ ÁHMIYETI

***Siyasattanıw hám ruwxıylıq tiykarları***
***kafedrası stajyor-oqıtıwshısı Uzaqbergenov Ruslan, 70111101-Social-gumanitar***
***pánlerdi oqıtıw metodikası qánigeligi***
***2-kurs magistrantı Nzamatdinov Nursultan.***

***Annotaciya:***

Qaraqalpaqstan Respublikası ekologiyalıq jaqtan hálsiz aymaqlardıń birine aylanbaqta, bul jaǵday insan salamatlıǵına unamsız tásir kórsetpekte. Sonlıqtan, qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw hám xalıq salamatlıǵın támiyinlew tarawında xalıqaralıq birge islesiw ayrıqsha áhmiyetli máseleden biri esaplanadı.

***Gilt sózler:***

*Ekologiyalıq qáwipsizlik, densawlıqtı saqlaw, suw resursları, qorshaǵan ortalıq, insan salamatlıǵı.*

Házirgi dúnyada ekologiyalıq máseleler mámleketler arasındaǵı qatnasıqlardıń áhmiyetli baǵdarlarınıń birine aylandı. Ásirese, transshegaralıq ekologiyalıq krizisler insan salamatlıǵı, jámiyetlik turaqlılıq hám aymaqlıq qáwipsizlikke kúshli qáwip tuwdırmaqta. Usı mániste, Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında baqlanıp atırǵan ekologiyalıq jaǵday, ásirese Aral teńizi apatshılıǵı, tek ǵana milliy emes, al xalıqaralıq kólemdegi másele bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw hám insan salamatlıǵı boyınsha xalıqaralıq qatnasıqları tiykarınan Aral teńiziniń qurıwı, ekologiyalıq apatshılıqlar, shorlanıw, suw jetispewshiligi hám buniń aqıbetlerin jumsartıwǵa qaratılǵan bolıp, bunda BMSH sheńberindegi «Aralboyı aymaǵı ushın

insan qáwipsizligi» trast qorı, Jáhán banki, Evropa Awqamı, EQISH sıyaqlı xalıqaralıq shólkemler hám járdem beriwshi mámleketler (Yaponiya, Germaniya, AQSH) menen birgelikte suw resursların basqarıw, kóshet egiw, ishimlik suwı menen támiyinlew, jámiyetlik qorǵaw hám densawlıqtı saqlaw joybarları ámelge asırılmaqta.

Aral teńiziniń quriwı XX ásirde insaniyat tárepinen jol qoyılǵan eń iri ekologiyalıq apatshılıqlardıń biri sıpatında xalıqaralıq ilimiy ádebiyatlarda moyınlanǵan. Bul ekologiyalıq krizis tek ǵana tábiyiy suw hawiziniń joǵalıwı emes, al Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında xalıqtıń salamatlıǵı, jámiyetlik abadanlıǵı hám turmıs sapasına uzaq múddetli unamsız tásir kórsetiwi menen de sıpatlanadı.

Aral teńiziniń qısqarıwı nátiyjesinde qurıǵan teńiz ultanınan hár jılı millionlaǵan tonna duz, qum hám záhárli ximiyalıq elementler atmosferaǵa kóterilip, keń aymaqlarǵa tarqalmaqta. Bul shań-aerozollar quramında pesticidler hám awır metallar bolıp, olar dem alıw sisteması kesellikleri hám onkologiyalıq keselliklerdiń rawajlanıwına sebep bolmaqta. Sonday-aq, jer resurslarınıń degradaciyaǵa ushırawı, topıraqtıń shorlanıwı hám shólleniw processleriniń kúsheyiwi awıl xojalıǵı jerleriniń ónimdarlıǵın tómenletip, xalıqtıń azıq-awqat qáwipsizligine qáwip tuwdırmaqta. Ishimlik suwı dárekleriniń minerallasıw dárejesiniń artıp baratırǵanı bolsa xalıqtıń sanitariyalıq-epidemiologiyalıq jaǵdayına unamsız tásir kórsetpekte.

Jáhán densawlıqtı saqlaw shólkeminiń maǵlıwmatlarına bola, Aralboyı regionında dem alıw jolları kesellikleri, balalar arasında kemqanlıq hám asqazan-ishek kesellikleri ekologiyalıq faktorlar menen tikkeley baylanıslı ekenligi atap ótilgen.

Ózbekstan Respublikasında Aral apatshılıǵınıń aqıbetlerin jumsartıw mámleketlik siyasat dárejesine kóterilgen. Atap aytqanda, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń baslaması menen Aralboyı regionın sociallıq-ekonomikalıq hám ekologiyalıq jaqtan qollap-quwatlawǵa qaratılǵan bir qatar párman hám qararlar qabıl etildi).(4). Usı hújjetler tiykarında qurıǵan teńiz túbinde toǵaylastırıw jumısları, xalıqtı taza ishimlik suwı menen támiyinlew, medicinalıq xızmetlerdiń sapasın arttırıw boyınsha anıq ilajlar ámelge asırılmaqta.

Qaraqalpaqstan Respublikası Aralboyı aymaǵında jaylasqanlıǵı sebepli, tábiyiy resurslar hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw boyınsha arnawlı ilajlardı talap etedi. Aymaqtaǵı jer hám suw resurslarınıń sheklengenligi, atmosfera hawasınıń pataslanıwı, sonday-aq, biologiyalıq kóp túrliliktiń hálsirewi - ekologiyalıq qáwiplerdiń tiykarǵı faktorları esaplanadı. Máselen, ámeliyatta 2024-2025-jılları Aralboyında 17 avtomatikalıq hawa monitoringi stanciyaları ornatıldı hám jergilikli xalıqqa ekologiyalıq jaǵday haqqında málimleme beriw sisteması engizildi. Bul ilajlar Qaraqalpaqstanda qorshaǵan ortalıqtı qorǵawda ámeliy mexanizm sıpatında xızmet etedi.

Ámeliyatta bul nızamlar arqalı suw resursları monitoringi, hawa sapası qadaǵalawı, sanaat shıǵındıların tekseriw hám juwapkershilik ilajları belgilengen. Máselen, jergilikli hákimiyat hám ekologiyalıq inspekciyalar kóplegen sanaat obyektleriniń jumısın qadaǵalap, ekologiyalıq nızamlardıń orınlanıwın támiyinleydi. Biraq huqıqıy tallawlar ayırım nızam normalarınıń ámelde orınlanıwında kemshilikler bar ekenligin kórsetedi. Sonıń ishinde, ishki isler uyımlarınıń ekologiyalıq huqıq tártibindegi wákillikleri hám qadaǵalaw mexanizmi anıq belgilenbegen.

Qaraqalpaqstan Respublikasında baqlanıp atırǵan ekologiyalıq mashqalalar xalıqtıń salamatlıǵına tikkeley hám janapay tásir kórsetpekte. Zamanagóy ilimiy izertlewlerde ekologiyalıq faktorlar insan salamatlıǵın belgileytuǵın tiykarǵı determinantlardan biri sıpatında qaraladı. Ásirese, hawa, suw hám topıraq pataslanıwı menen baylanıslı faktorlar sozılmalı kesellikler rawajlanıwında sheshiwshi áhmiyetke iye. Rus ilimpazı N.F. Reymerstiń atap ótkenindey, «ekologiyalıq ortalıqtıń buzılıwı insan organizminiń beyimlesiw imkaniyatların sheklep qoyadı hám túrli keselliklerdiń erte payda bolıwına sebep boladı»(2). Bul jaǵday Aralboyı aymaǵı, sonıń ishinde, Qaraqalpaqstan Respublikası ushın da tán. Jáhán densawlıqtı saqlaw shólkeminiń maǵlıwmatlarına qaraǵanda, Qaraqalpaqstanda bronxial astma, sozılmalı bronxit hám allergiyalıq keselliklerdiń tarqalıwı respublika ortasha kórsetkishlerinen joqarı. Bul jaǵday ekologiyalıq faktorlardıń xalıq salamatlıǵına tuwrıdan-tuwrı tásirin kórsetedi.

Ózbekstanlı ekolog alım D.Yuldashevtiń pikirinshe, «sapalı ishimlik suwınıń jetispewshiligi xalıq arasında asqazan-ishek kesellikleri, balalarda ósiwden qalıw hám immunitettiń tómenlewine alıp keledi»(1). Ásirese, awıl jerlerinde bul mashqala keskinirek kórinedi. Topıraq pataslanıwı hám azıq-awqat qáwipsizligin támiynlew bul mashqalalardı saplastırıw jolındağı áhmiyetli, keshiktirip bolmaytuğın máseledur. Topıraqtıń shorlanıwı hám ximiyalıq pataslanıwı awıl xojalığı ónimleriniń sapasına tásir etedi. Nátiyjede xalıq tutınıp atırğan azıq-awqat ónimleri arqalı záhárli zatlar insan organizmine kiriwi múmkin.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Aralboyı aymağın rawajlandırıwğa qaratılğan qararları tiykarında Qaraqalpaqstanda densawlıqtı saqlaw mákemeleriniń materiallıq-texnikalıq bazası bekkemlendi, zamanagóy diagnostika úskeneleri engizildi.(3)

Qaraqalpaqstan Respublikasında ekologiyalıq faktorlar xalıqtıń salamatlığına kompleksli hám uzaq múddetli tásir kórsetpekte. Bul jağday ekologiyalıq siyasat hám densawlıqtı saqlaw tarawındağı ilajlardı úylestiriw, xalıqaralıq tájiriybeni engiziw hám huqıqıy mexanizmlerdi jetilistiriw zárúrligin kórsetedi.

Qaraqalpaqstan aymağındağı ekologiyalıq máseleler, ásirese Aral teńizi apatshılığınıń aqıbetleri, tek ğana jergilikli yamasa milliy emes, al regionallıq hám xalıqaralıq áhmiyetke iye bolğan quramalı másele bolıp esaplanadı.

Juwmaqlap aytqanda, alıp barılıp atırğan jumıslarğa qaramastan, ekologiyalıq krizistiń kólemi hám aqıbetleriniń uzaq múddetli ózgesheligi bul máselelerdi sheshiwde kompleksli, sistemalı hám xalıqaralıq jantasıwdı talap etetuğının kórsetedi. Usı kózqarastan, ekologiyalıq qáwipsizlikti támiyinlew, xalıqtıń salamatlığın qorğaw hám xalıqaralıq birge islesiw mexanizmlerin bunnan bılay da jetilistiriw ayrıqsha ilimiy talqılawdı talap etedi.

1. Юлдашев Д.Ю. **Экология ва аҳоли саломатлиги**. – Т.: Адолат, 2015. (1)

ISSN
2181-3187

2. Реймерс Н.Ф. Экология (теория, законы, правила, принципы). – М.: Россия молодая, 2009.(2)

3. Ўзбекистон Республикаси Соғлиқни сақлаш вазирлиги. Оролбўйи аҳолиси саломатлигини муҳофаза қилиш дастури. – Т.: 2020. (3)

4. Ўзбекистон Республикаси Президентининг Оролбўйи минтақасини ривожлантиришга оид фармонлари ва қарорлари тўплами. – Т.: 2019 (4)